

17 me 2018

Mwa me se moman nou fè Konsyantizasyon sou Sante Mantal, epitou nou ap pwofite opòtinite sa a nou jwenn nan pou prezante tout dènye enfòmasyon sou pwoblèm ki ap pase. Epizòd feyton nan Netflix ki rele, “13 Reasons Why” la (13 Rezon Pou Kisa) te si tèlman vini popilè nan mitan timoun ki nan laj pou ale lekòl yo, moun pat vle kwè sa e se te youn nan pwogram ki te plis fè aktyalite nan “mesaj tweet” pou ane 2017 la. Anpil jèn timoun te gade tout epizòd yo nèt san ke paran yo pat okouran. Koulye a nou ap voye mesaj sa a bay paran yo pou fè yo konnen ke Sezon 2 feyton an ap kòmanse nan dat 18 me 2018. Pou rezon sa a nou mete kèk konsiderasyon enpòtan pi ba a pou paran yo:

- Premye sezon an, ke yo te klase MA pou odyans ki gen matirite sèlman, li te viralman popilè pami adolesan, men paran, edikatè, ak pwofesyonèl sante mantal te genyen anpil enkyetid akòz reprezantasyon dramatik, e pafwa grafik pwoblèm difisil tankou agresyon seksyè ak suisid. Objektif Netflix etabli sou konvèsasyon angaje sou pwoblèm reyèl sa yo vo lapenn. Sepandan, pi fò espesyalis kwè ke entansite yo mete nan fason yo jere kontni yo san pwoteksyon apwopriye (tankou kat avètisman anvan chak epizòd) te genyen potansyèl pou mete kèk jèn moun ki vilnerab nan risk pou ale an detrès emosyonèl oswa pou gen tandans fè tèt yo mal, e sa enkli ogmantasyon ide ak tantativ suisid.
- Anpil òganizasyon sou edikasyon ak sante mantal te kominike dirèkteman avèk Netflix apwopo preyokipasyon yo genyen konsènan yon dezyèm sezon an. Men sa ki enkli nan enkyetid sa yo:
 - mank prekosyon konsènan jenès ki vilnerab avèk pwoteksyon ki asosye avèk chak epizòd
 - masif chwa negatif ak aksyon sou karaktè jèn timoun yo, reprezantasyon ireyalistikman inyoran avèk depiksyon granmoun endiferan ki pa okipe yo
 - neglijan pou adrese pwoblèm sante mantal yo dirèkteman
 - grafik ki pa nesèsè avèk potansyèl reprezantasyon ki pral deklanche konpòtman ki pral pouse yo fè tèt yo mal, tankou pa egzanp yon alizyon yo fè pou posibilite pou genyen tire nan lekòl nan finisman premye sezon an
- Netflix sanble li te koute kèk nan direksyon li te resewa yo. Aktè ki fè pati feyton sa a te anrejistre yon videyo kote yo avèti telespektatè yo ke yo pa ta dwe gade seri a si yo ap goumen avèk menm kalite pwoblèm sa yo, oswa pou yo gade seri a avèk yon adilt yo fè konfyans. Videyo a egzòte telespektatè yo tou pou chèche èd epi pou pale avèk yon moun si yo bezwen asistans. Netflix te endike ke li pral bay kat avètisman anvan chak epizòd, yon gid pou diskisyon ke yo dezinye pou fasilite konvèsasyon avèk aksè pou asistans pou telespektatè yo, ak lòt pwoteksyon ankò.
- **Sa ki enpòtan, sè ke genyen endikasyon ki fè kwè ke jèn timoun yo ap gade oubyen regade premye sezon an pou yo kapab mete yo prè pou dezyèm sezon an.** Netflix rive kreye yon gid diskisyon epi yo ajoute kèk kat avètisman adisyonèl; sepandan, nou fòtman rekòmande pou ke timoun ak jèn ki vilnerab (tankou pa egzanp

sa ki ap lite avèk depresyon, ki te gen entansyon touye tèt yo oparavan, oswa ki konn tromatize) pa gade premye sezon an, e pi sètènman pou yo pa fè sa pou kont yo. Nou enkli gid diskisyon an tou sou sit entènèt CCPS la.

- Avèk kèk liy istwa posib yo te bay nan finisman premye sezon an (pa egzanp, yon lòt tantativ suisid, yon jijman sou yon ka vyòl, ak yon fiziyad nan lekòl), li enpòtan pou granmoun yo okouran de sa ke timoun ak jèn moun ki sou responsabilite yo ap gade nan televizyon. Sa enkli pou yo gen aksè pou pote siveyans sou kontni yo genyen nan òdinatè yo ak nan aparèy pòtab yo.
- Konseye lekòl yo ansanm ak sikològ yo disponib pou angaje nan konvèsasyon avèk timoun ak jèn yo pou sipòte yo epi tou pou ba yo resous ak pou mete ekspè a dispozisyon yo pou ede prevni konpòtman nefas. Men kèk rekòmandasyon jeneral nou ap pote pou ou:
 - Ankouraje paran yo gade seri epizòd feyton yo avèk pitit yo; timoun ak jèn ki gade feyton sa a gen dwa bezwen granmoun ki la pou sipòte yo ede yo trete sijè a. Ede timoun yo atikile pèsesyon ke yo genyen lè yo ap gade kontni ki kontwovèse. Pwoblèm difisil yo ap dekri yo rive vre nan lekòl ak nan kominote yo, epi li enpòtan pou granmoun yo koute, pran preyokipasyon adolesan yo oserye, epi toujou mete yo disponib pou ofri èd yo.
 - Prekosyon nou ap pran kont zak entimidasyon, pandan ke nou ap fè sa avèk yon kontni entans, patikilyèman nan izolasyon, kapab asosye avèk preyokipasyon sou sante mantal ki ap ogmante.
 - Ensiste pou ke pwofesyonèl ki fòmè pou trete pwoblèm sante mantal ke lekòl la anplwaye toujou disponib pou ede timoun yo.
 - Chèche jwenn asirans ke paran, pwofesè, ak elèv yo okouran de siy ki anonse risk suisid yo. **Toujou pran siy ki anonse suisid sa yo oserye, epi pa janm pwomèt pou w kenbe yo an sekre. Etabli yon posibilite pou elèv yo vini rapòte ou ide konfidansyèl ke yo genyen.**
 - Lè nou ranfòse rezilyans ak faktè ki pou pwoteje timoun yo, sa kapab diminye potansyèl faktè ki pou koze risk ki ap mennen nan ide ak konpòtman pou komèt suisid. Yon fwa ke yo konsidere yon timoun oswa yon adolesan ap kouri risk pou komèt suisid, lekòl, fanmi, ak zanmi ta dwe chita travay ansanm pou konstwi faktè sa yo nan avèk alantoun jèn sa a.

Tanpri ale vizite paj entènèt sante mantal CCPS la ki sou sit web distri nou an nan <http://www.collierschools.com/Domain/1448> pou jwenn lòt lokal adisyonèl ansanm ak resous ki sou entènèt la.